EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz



# XX ӘСИР БАСЫНДА ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ЗИЯЛЫЛАРЫНЫҢ БИЛИМЛЕНДИРИЎ ҲӘМ АҒАРТЫЎШЫЛЫҚ ХЫЗМЕТИ

**[1]Айтмуратов Ж.**
Қарақалпақ мәмлекетлик университети доценти,
**[2]Ембергенов А.**
ҚМУ II-басқыш тарийх қәнийгелиги магистранты.
https://doi.org/10.5281/zenodo.7578668

**ARTICLE INFO**

Received: 18th January 2023
Accepted: 27th January 2023
Online: 28th January 2023

**KEY WORDS**

*Билимлендириў, ағартыўшылық, зиялылар, жадидшилик ҳәрекети, жаңа усыл мектеби, сабақлықлар ҳәм китаплар.*

**ABSTRACT**

*Мақалада XX әсир басында билимлендириў тараўына үлес қосқан алдынғы зиялылар хызмети көрсетилген. Қарақалпақстанда жадидшилик ҳәрекетиниң қәлиплесиўиндеги тарийхый негизлер орын алған. Түркистан үлкесинде билимлендириў ҳәм ағартыў ислеринде жаңа усылда билим бериўдиң мақсети түсиндирилген. Республикамыз аймағындағы жаңа усыл мектеплерин шөлкемлестириўшилер ҳаққында сөз етиледи. Жадидлик ҳәрекетин қоллап қуўатлаўшы зиялылардың қарақалпақ әдебияты- мәденияты ҳәм көркем өнериндеги дөретиўшилик хызмети ҳаққында түсиник берилген.*

XX әсир басында патша Россиясы аймағындағы түрк тиллес халықлар ортасында Крым, Қазан ҳәм Истанбулда басып шығарылған жадидшилик руўхындағы әдебиятлар кеңнен таркала баслады.Бунда мусылман мектеплериниң уллы реформаторы ҳәм «Таржиман» журналы (1883-жылы Крымда шыға баслаған) шөлкемлестириўшиси Исмаил Ғаспиралидиң хызмети пүткил шығысқа белгили болды. Жадидшиликтиң баслы мақсети жасларға билим бериўде «жаңа усыл»ды қәлиплестириў ғана емес, колониаллық сиясатқа қарсы гүрес идеясын таратыўшы ўатан пидайылары сыпатында тарийх сахнасына шықты.

Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёев 2022-жыл 22-декабрдеги Олий Мажлис ҳәм Өзбекстан халқына жоллаған мүрәжаатинде «Биз әййемги ҳәм бай тарийхымызды, әсиресе оғада аўыр шараятта илим-ағартыўшылық, инсан-еркинлиги, халық азатлығы, Ўатанға Миллий қадириятларға меҳир ҳәм садықлық идеяларын исенимли көтерип шыққан жадид бабаларымыздың жумысын жәнеде тереңирек үйрениўимиз керек»[1] - деген сөзлери олардың уллы мақсетлер жолындағы мәртлерше гүреси ҳәм пидайылығын бүгинги тарийх илиминде кең түрде изертлеўди талап етеди. Олар ханлықлар дәўиринде өзлериниң идеясы ҳәм көз-қарасларын әмелге асырыўға ҳәрекет етти. Мәселен Жадидлер Бухара әмирлиги ҳәм Хийўа ханлығында хан ҳәм әмирлерди өз мақсетлерине тартыўға ҳәрекет еткен. 1900-жылдың басында Бухара жадидлери әмирден жаңа усылдағы мектеплер ашыўға ериседи [2,265]. Бухара жадидлериниң бир шөлкеми «Туран баспасы ағартыўшылық» жәмийети болып, оның

шөлкемлестириўшилери Абдурауф Фитрат, Муқим Бойжон, Ахмаджон Маҳдум, Олимжон Идрислер болып, бул жәмийет қысқа ўақыт ишинде Туркияға талабалар жибереди.

Туркистан жадидлери жетекшилери Маҳмудхожа Беҳбудий, Мунаввар Қори Абдурашидхонов, Абдулла Авлоний, Абдурауф Фитрат, Садриддин Айний, Абдулҳамид Чўлпон ҳәм басқалардың дүньяға көз-қарасында рус патшашылығының шығыс халықларына қаратылған сиясатын сынға алыў менен «жаңа усыл» мектеплериниң қәлиплесиўине үлес қосты. Бундай жаңа усылда билим бериў ҳәрекети пүткил Орта Азия ханлықлары бойлап ен жая баслады. 1891-жылы ағартыўшы ойшыл Комил Хорезмий басламасы менен Ургенчте биринши жадид усылындағы мектеп ашылды. Бул мектеп халық арасында үлкен абыройға ийе болып, онда дәслеп 25 оқыўшы тәлим алды [3.82].

1904-жылы Хорезмде-жаңа Ургенчте, 1906-жылы хан буйрығы менен Хийўаның өзинде ашылған болса, 1911-жылы Хийўа да «жаңа усыл» мектеби жәнеде ашылады [4,64].

Билимлендириў тараўындағы бундай жаңалықлар Қарақалпақстан аймағында дәслепки «жаңа усыл» мектеплериниң ашылыўына тәсир жасады. Қарақалпақстанда 1907-жылы Төрткүл қаласында (Петро-Александровск) биринши «жаңа усыл» мектеби татар ағартыўшылары тәрепинен ашылды[5.84]. Қарақалпақстанда билимлендириў тарийхын изертлеўши педагогика илимлериниң докторы Ж.Урумбаевтың ҳәм тарийх илимлериниң докторы У.Шалекеновтың келтирилген мағлыўматларына сәйкес республикамызда дәслепки жаңа усыл мектебиниң шөлкемлестирилиўинде Қысматулла Латипов, Закий Шакиров, Юсуп Ахмедовлардың хызмети айрықша болды.

Хийўа ханлығына қараслы шеп жағалықтағы Қарақалпақстан халқы ушын 1907-жылдың гүзинде Қысматулла Латипов Хожелиде Әўезжан хожа ҳәўлисинде жаңа усыл мектебин ашып ол жерде 10 бала тәлим алады. Бул мектеп бир жыл хызмет көрсетеди. Соңынан Хожелиде буннан басқа жаңа усыл мектебин 1909-жылы Юсуп Ахмедов шөлкемлестирип, бул мектеп 7 жыл (1909-1916) билим берип оның оқытыўшысы ҳәм басқарыўшысы өзи болады. Бул мектепти ашыў ушын арнаўлы рухсатнама 1911-жылы Хийўа ханының биринши ўәзири Ислам Хожа тәрепинен бериледи. Усындай жаңа усыл мектебин 1909-жылы Қоңырат аймағында шөлкемлестириўде Гарип Камалов, Қостай Амиров ҳәм басқалар пидайылық хызмет көрсетеди. Бул мектепке қаладағы Исмет-ийшан мешити қасынан жаңа типтеги имарат салынып оған парта, класс доскасы ҳәм зәрүрли инвентарлар келтириледи. Дәслеп бул мектепти татар балалары оқып соңынан жергиликли халық балалары оқый баслады. Мектепте 40-50 балаға шекем билим алды.

Қоңыраттағы жаңа усыл мектебинде билим бериўде Заки Шакиров, Ахмет Заки Батыров, шайыр ҳәм ағартыўшы Мухаммед Шариф (Худайбергенов) суфизада [6,26] пидайылық хызмет көрсетти.

М.Суфизада Қарақалпақстанда жасларға билим бериў дәўиринде қарақалпақ ағартыўшылары С.Мажитов, А.Мусаевлар менен жақын байланыста болып, оларға ағартыўшылық ҳәм жадидшилик ҳәрекетиниң раўажланыўына унамлы тәсир жасады.

Нәтийжеде С.Мәжитов 1912-жылы Қоңыратта жадид мектебин шөлкемлестирип өзи усы мектепте оқытыўшылық етеди.

Мәселен, С.Мәжитов өз дәўириндеги Инаят болысқа ағартыўшылық ислерине дыққат аўдарыў, елде билимлендириў тараўын жақсылаў бойынша 1907-жылы өзиниң қосық қатарлары менен хат жазады. Онда Шымбайда жадид усылындағы болыслық мектебин ашыў зәрүрлигин билдиреди [7,40].

Бул жылларда жаңадан дүзилген советлик тоталитар дүзим билимлендириўди әмелге асырыўда ески зыялылар ўәкиллериниң хызметинен пайдаланды. Өз дәўириниң алдынғы билимданы С.Мәжитов 1921-жылы Қоңырат округи халық билимлендириў бөлими баслығы болып таярланады. Оның хызмети ҳаққында Хорезм ҳүкимети жоллаған 1921-жыл 5-октябрьдеги айрықша комиссия ҳүжжетлеринде төмендегише мағлыўмат бериледи. «Халқ (таълими мудири) билимлендириў бөлими баслығы С.Мәжитов ҳақыйқый қәниге екен... Ол 30 оқытыўшы таярлап үлгерген. Буннан тысқары Қоңыратта 250 оқыўшы, соннан 150 ер бала 100 ден аслам қызлар оқытатуғын 5 мектеп ашыўды гөзлеген. Оған тийисли парта, қағаз китапларды алдын ала тақлап қойған» [8,122] - деп көрсетилгениндей С.Мажитов жаңа усылдағы билим бериўши ямаса белгили ағартыўшы ғана емес ол жаңа дүзимге өтиў дәўириндеги қыйыншылықларға қарамастан қарақалпақ тилинде «Алифбе» 80 бет, «Егеделер саўаты» 119 бет, «Оқыў китабы» 119 бет, (Ташкент, 1925-жыл) сабақлықларын жазды ҳәм баспадан шығарды [9,305]. Бул сабақлықлар дәслепки еки класс ушын өз ана тилинде билим алыўға мүмкиншилик берди.

XX әсир басында жергиликли мешит-медресе ҳәм жаңа усыл мектебинде билим алған зыялылар алдынғы педагог-методист алым ҳәм аўдармашы болып қалмай қарақалпақ мәденияты ҳәм көркем өнериниң раўажланыўында шайыр жазыўшы, драматург-актёр ҳәм режиссёр сыпатында өз таланты ҳәм дөретиўшилик хызмети менен танылды.

Филология илимлериниң докторы белгили алым Қырқбай Байниязовтың атап көрсеткениндей «С.Мәжитов дөретиўшилиги ең биринши гезекте, аўыз-еки халық дөретпеси ҳәм классикалық поэзиямыздың ең жақсы дәстүрлерин XX әсирдиң жаңа типтеги қарақалпақ әдебиятына алып келип тутастырыўшы көпир» [10,20] сыпатында баҳаланыўы керек деп  көрсеткениндей, С.Мәжийтов ески мектеп, медреседе оқып билим алған саўатлы адам болғанлықтан оның шығармаларының тилинде араб, парсы, өзбек, татар тиллеринен кирген сөзлер жийи ушырасып»[11,84] турыўы ҳәм оған тереңирек түсиник бериўи менен көзге түскен. С.Мәжийтовтың 1889-жылы қарақалпақ әдебиятының байтереги Бердақ Ғарғабай улы менен ушырасыўы оның жәмийетлик-дөретиўшилик көз-қарасына әҳмийетли тәсир жасаған. Ол Казан қаласынан ҳәр қыйлы әдебиятларды алдырып, өзи билим берген шәкиртлери ҳәм пүткил қарақалпақ халқы арасында рус, татар әдебиятының ең жақсы үлгилерин таныткан. Мәселен, Ғ.Тоқайдың қосықлары менен поэмаларын, Ғ.Ибрагимовтың реалистлик гүрриңлери менен романларын, Ғ.Камалдың драмалары менен комедияларын, сондай-ақ рус жазыўшыларынан Л.Н.Толстойдың гүрриңлерин, И.А.Крыловтың тымсалларын қарақалпақшалап, татар драматурглериниң пьесаларын сахналастырып, халыққа көрсетеди [12,53].

EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz

Жоқарыда келтирилген бул мағлыўматлар биринshiден, С.Мәжитовтың Батыс ҳәм Шығыс халықлары мәдениятын бир-бири менен байланыстырған мәдений елши сыпатында хызмет еткен болса, екиншиден, С.Мажитов Қарақалпақ халқының заманагөй саўатлы болыўына белгили дәрежеде үлес қосқан пидайы ағартыўшы болып табылады.

Қарақалпақстан журтында өз өмирин билимлендириў ҳәм ағартыў исине бағышлаған зиялылардың бири шайыр ҳәм қыссахан Қазы Маулик (1885-1950) «Жас Бухаралылар» жадидлик шөлкемине ағза болып, 1912-жылы Бухара медресесин тамамлап Қарақалпақстанға келип жадидшилик ҳәрекетин даўам етеди. Шымбайда ашылған жаңа мектеп балаларын бийпул аўқатландырып оларға билим береди [13,18]. Шымбай қаласынан саўатлы қыссахан шайырлар мектебин шөлкемлестиреди. Жадидшилик ҳәрекетлерин халыққа танытыўда қыссаханлық мектеби дөгерегине Аббаз шайыр, Қазақбай шайыр, Қурбанбай, Балтабай, Қаўендер бала, Сейтырза, Хилал ҳәм тағы басқада талантлы қыссахан шайырлар жыйналады. 1916-жылғы Шымбайдағы халық көтерилиси дәўиринде халық оған исеним билдирип, Қазы Мәўлик Шымбай қаласының қазысы болып сайланады. Қазы Мәўликтиң терең билимге ийе болыўы Қарақалпақ халқының мәденияты ҳәм көркем өнериниң раўажланыўына үлес қосыўда әҳмийетли тийкар болды. Себеби ол өз дәўиринде араб ҳәм парсы тиллерин билген заманагөй ағартыўшы болды.Ол ең дәслеп Шымбайдағы Али-ахун мешит-медресесинде, соң Бухарада билим алады. Қазы Мәўлик Ташкенттеги Кўколдош медресесинен түйели кәрўанда китаплар алып келеди [14,78]. Буннан тысқары Астраханға, Казанға, Санкт-Петербургке, Туркияға баратырған кәрўанларға өз қалтасынан қәрежет қосып, китаплар алдырып Шымбай қаласында китап дуканын шөлкемлестиреди. Нәтийжеде оның китап дуканында арабша, парсыша, русша китаплар қыссаханлар тәрепинен қарақалпақшаланып, китап түринде түпленген. Материаллар орын алады.

Жадидшилик ҳәрекетиниң Бухара ҳәм Хорезм аймағында қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы өз гезегинде қоңсылас Қарақалпақстан аймағындағы билимлендириў ҳәм әдебий процесске әҳмийетли тәсир жасады.

Мәселен; XX әсир басындағы С.Мәжитовтың «Дослық пайдасы», «Инният болысқа хаты», Қазы Мәўликтиң «Мәрдикар» тәрийплик шығармалары, Сапиўраның «Қазы мәўлик пенен айтыслары», Аббаз шайырдың «Өткен заман қайта айланып келерме?» шығармалары [15,18] ҳақыйқый жадидлик көз-қараслар тийкарында дөреген шығармалар болды.

XX әсирдиң биринши шерегинде еки дәўирди көрген шайыр ҳәм ағартыўшылардан Қулмурат Қурбанәли улы, Әбдиқәдир Бекимбет улы, Омар Сүйирбек улы, Жаңабай Қаратай улы, Аяпберген Муса улы, Сыдық Тоқпан улы, Қазы Мәўлик, Бекмуҳаммед улы, Сейфулғабит Мәжит улы, Сапиура Жайылбек қызы, Аббаз Дабыл улы шығармалары колониаллық дузим ҳәм миллий кемситиўлерге қарсы гүрес идеяларын халыққа жеткизе отырып, миллий ғәрезсизликке ерисиў жолында миллий ояныў дәўириниң шығармаларын дөретти.

Бул дәўирдеги ағартыўшы зиялылар хызмети биринshiден, билимлендириў барысын Орта әсирлик Мусулман мешит-медреселери шеңберинде емес жаңа

усылдағы дүньялық тәбийғый ҳәм анық билими менен қуралландырыўды нәзерде тутты.

Екиншиден, халқымыздың жәмийетлик санасының раўажланыўында түрк тиллес халықлар дүньясындағы билимлендириўди пүткиллей реформалаў арқалы миллет, Ўатан тәғдири ушын гүрес алып барыўда миллий ояныўды нәзерде тутты. Үшиншиден, ХХ әсир басындағы миллий ағартыўшы ҳәм шайырлар шығармалары сол дәўирдеги патшашылық дүзим, биринши жер-жүзилик урыс жылларындағы халқымыз басынан кеширген тарийхый дәўирдиң картинасын көз алдымызға келтиретуғын тарийхый дерек болып хызмет ете береди. Усындай дәрежеде хызмет көрсеткен пидайы ағартыўшыларымыз хызметин бүгинги күн көз қарасынан баҳалаў тарийх илиминиң алдында турған әҳмийетли ўазыйпа болып табылады.

## References:

1. Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёевтың Олий Мажилис ҳәм Өзбекстан халқына мүрәжаати «Халқ сўзи» газетаси, 2022-йил, 21-декабрь №272 (8384)
2. Ўзбекистоннинг янги тарихи /Тузувчилар: Ҳ.Садиқов, Р.Шамсуддинов, П.Равшанов ва бошқа – Т.: Шарқ. 2000. 265-бет
3. Даоимов У. Туркстанда жадид мактаблари. Тошкент, «Университет» 2006 й. 82-бет.
4. Қарлыбаев М. Медресе в Каракалпакии XIX- начала XX вв.- Нукус; «Билим», 2002. 64-бет.
5. Урумбаев Ж.А. Очерки истории школы в Каракалпакстане (1810-1987 гг.) Нукус «Каракалпакстан» 1973, стр. 84.
6. Ўзбекистон Республикаси Марказий давлат архиви Ф. 125 д. 346, 26-б
7. Ўсербай Алеўов, Қалбай Сейтмуратов. Қорақалпоғистонда жадидчилик ҳаракати ва Сейфулғабит Мажитов.Ўз.Р.ФА.«Фан» 2010. 40 - б
8. Ўз. РМДА. Ф. 71. Опись 1. Дело 3, 122-бет
9. Урумбаев Ж.А. Очерки истории школ Каракалпакстана, Нукус «Каракалпакстан», 1973 г. 305-бет
10. Байниязов Қ. Сейфулғабит Мәжитовтың өмири хәм дөретиўшилик хызметлери / Сейфулғабит Мәжитов. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.-20 б
11. Байниязов Қ. Н.Дәўқараевтың сын ҳәм илимий мақалалары./ Қарақалпақ илиминиң тунғыш жулдызы (Илимий-теориялық конференция материаллары). – Нөкис, 2005, 84-бет
12. Ә.Пахратдинов., К.Алламбергенов., М.Бекбергенова. ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис: «Қарақалпақстан» баспасы, 2011-жыл 53-бет.
13. Ўсербай Алеўов, Қалбай Сейтмуратов. Қорақалпоғистонда жадидчилик ҳаракати ва Сейфулғабит Мажидов.ЎзР ФА «Фан» нашриёти, 2010-йил, 18-бет
14. Қудияров А.Р. История города Чимбая (XIX-начало XX вв.) – Нукус «Илим», 2019, стр.78б.
15. Ә.Пахратдинов., К.Алламбергенов., М.Бекбергенова. ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис: «Қарақалпақстан» баспасы, 2011-жыл 18-бет.